

POU: Komite Lekòl la

EKSPEDITÈ: Sam DePina, Siveyan Adjwen Operasyon yo

DAT: 7 desanm 2022

SIJÈ: Chanje non Lekòl BPS ak Espas Bilding yo

Lèt Siveyan an sou Regleman ak Pwosedri pou Nonmen Lekòl ([SUP-04](#)) esplike yon pwosesis pou "nonmen oswa chanje non nenpòt Lekòl Piblik Boston oswa yon zòn remakab ladan I (pa egzanzp, bibliyotèk, oditoryòm, jimnazyòm, sal konferans)".

Yo te etabli pwosesis la pou asire anplwaye lekòl la, paran yo ak kominote avwazinant gen opòtinite pou sijere ak revize non yo anvan yo soumèt yo bay Siveyan ak Komite Lekòl la pou apwobasyon final la.

Mèkredi 7 desanm 2022, Lekòl Piblik Boston ak Siveyan Skipper pral prezante pwopozisyon pou kat lekòl nan distri a pou bay espas ki nan bilding lekòl yo non oswa chanje non lekòl yo. Dapre nòt la, chak lekòl te swiv yon pwosesis piblik, sa gen ladan yon odyans piblik kote moun ki gen enterè yo te vote sou pwopozisyon an (yo). Kat lekòl yo se:

Boston Arts Academy

Pwopozisyon pou nonmen 27 espas nan bilding lekòl la pou onore moun ki te fè kontribisyon enpòtan nan BAA onivo angajman pèsoneèl ak pwofesyonèl nan lekòl la ak kontribisyon endividyèl.

Lekòl Segondè Pwofesyonèl Teknik Madison Park

Pwopoze pou chanje non de chanm nan bilding lekòl la pou onore ansyen manm pèsoneèl Charles McAfee ak Jose Solis.

McKinley South End Academy

Pwopozisyon pou chanje non kat pwogram McKinley yo pou Melvin H. King South End Academy. Melvin "Mel" H. King se yon ansyen rezidan nan South End la, se ansyen Reprezantan Eta a pou 9yèm Distri Suffolk la ak premye Afriken-Ameriken ki rive nan eleksyon final pou majistra Boston. Li se yon ansyen edikatè BPS tou, yon sipòtè "fab lab" McKinley, e yon defansè jenès vil la depi lontan.

Lekòl Elemantè Mattahunt/Sant Kominotè Mattahunt

Pwopoze nonmen yon chanm nan Sant Kominotè Mattahunt pou onore aktivis kominotè depi lontan Annie Kinkead. Administrasyon lekòl la te jere pwosesis piblik la pou Sant Kominotè Mattahunt paske BPS gen jiridiksyon sou tout etablisman an.